

OPSYON POU ANILE KONTRA MACHIN DEZYÈM MEN NAN NYC

Lè w ap achte yon machin dezyèm men se ka youn nan pi gwo angajman finansye ou pran. Dapre lalwa NYC, dilè yo dwe ofri w yon opsyon pou anilasyon kontra, ki pèmèt ou anile kontra a sou de (2) jou ouvrab. Opsyon sa a ba w tan pou w revwa kontra andeyò dilèchip la. Li tèm ak kondisyon yo ki devan ak nan do fòmilè sa a. Opsyon pou anilasyon kontra sa a fèt pou l disponib nan lang ou te negosye kontra a.

NON MOUN K AP ACHTE A AK ADRÈS LI (Referans a "Moun k ap achte" a oswa "Oumenm")	NON MOUN K AP ACHTE ANSANM AK ACHTÈ A AK ADRÈS LI (Referans a "Moun k ap achte" a oswa "Oumenm")
NON DILÈ MACHIN DEZYÈM MEN AN AK ADRÈS LI (Referans a "Nou" oswa "Noumenm")	NIMEWO LISANS DCA
DESKRIPSYON MACHIN NAN (Referans a "Machin")	DAT LAVANT LA
ANE: MAK: MODÈL: NIMEWO IDENTIFIKASYON MACHIN (VIN) NAN:	

DAT LIMIT ANILASYON (DAT AK LÈ)*

*Ou p ap ka anile si w pa fè sa anvan dat limit lan.

TÈM AK KONDISYON

OPSYON ANILASYON: Fòmilè sa a rezime tèm ak kondisyon opsyon pou anilasyon kontra a. *Si w AKSEPTE*, ou gen dwa pou w anile acha a sou (2) jou ouvrab ak pou w jwenn yon ranbousman konplè. *Si w REFIZE*, ou pa gen dwa sa a. Li de bò yo anvan ou siyen.

- Pou w ka anile kontra lanvan lan, ou dwe siyen e livre "Avi pou Anilasyon Kontra Lavant" ("Notice to Cancel the Sales Contract") lan pèsònèlman bay dilè a anvan dat ak lè ki nan kaz jòn anwo a.
- Dilè a kenbe machin nan ak tit li jiskaske ou refize anile kontra lavant lan alekri oswa ou abandone dwa w pou anile kontra lavant lan lè w pa aji anvan dat limit lan.
- Si w anile kontra lavant lan konfòmeman ak tèm ak kondisyon ki tabli nan fòm sa a, dilè a dwe imedyatman ba ou yon ranbousman konplè, ansanm ak taks sou lavant yo.
- Ou dakò pou ekzekite tout dokiman nesèsè pou anile lavant lan e pou w jwenn yon ranbousman konplè.
- Dilè a paka ogmante pri machin nan oswa ajoute yon frè si w AKSEPTE opsyon pou anilasyon kontra a *sof nan ka machin pou echanj. Machin pou echanj yo egzijè yon depo \$100 ranbousab epi yo ka egzijè tou yon frè \$50 ki pa ranbousab. Gade nan do a pou tèm ak kondisyon machin pou echanj yo.*
- Dilè a paka egzijè w pou REFIZE opsyon pou anilasyon kontra a ni pou l refize anile yon kontra lavant kòm yon kondisyon pou achte machin nan.
- Dilè a dwe ba w yon kopi dokiman opsyon pou anilasyon kontra sa a ki ranpli e ki gen siyati w sou li. Si w anile kontra lavant lan, dilè a dwe ba w yon kopi dokiman ou te soumèt pou w anile kontra lavant lan.
- Opsyon pou anilasyon sa a pa otreman afekte oswa chanje dwa legal yo, devwa, obligasyon, oswa responsablite achtè a oswa dilè a.

DAT LIMIT ANILASYON: Dat limit pou livre "Avi pou Anilasyon Kontra Lavant" ("Notice to Cancel the Sales Contract") lan bay dilè a pèsònèlman (adrès la pi wo a) endike nan kaz jòn anwo a. Dat ak lè dilè a etabli a paka pi bonè pase lè biznis la fèmen nan dezyèm jou ouvrab (eksepte jou ferye legal yo) apre ou fin siyen kontra lavant lan oswa Kontra Vèsman pou Lavant an Detay la, kèlkeswa sa ki pi ta a.

MACHIN POU ECHANJ YO: GADE NAN DO FÒMILÈ SA A POU TÈM AK KONDISYON SIPLEMANTÈ.

Siyen la pou AKSEPTE opsyon an

Lè nou siyen anba a, oumenm ak dilè a dakò ak tèm ak kondisyon ki nan de bò fòmilè sa a. Ou konfime ke ou te resevwa e ou te li fòmilè sa a. **LÈ W SIYEN LA, OU CHWAZI POU AKSEPTE OPSYON SA A.***

Siyati Achtè a

Siyati Moun k ap Achte Ansanm ak Achtè a

*Ou ap aksepte *opsyon* an pou anile kontra a, pa anilasyon kontra a. Pou anile kontra, ou dwe ranpli avi anba a epi swiv tèm ak kondisyon yo. Gade nan do a.

Siyen la pou w REFIZE opsyon an

Lè w siyen anba a, ou volontèman abandone dwa pou anile acha machin ou an. Ou konfime ke ou resevwa e ou li fòmilè sa a. **LÈ W SIYEN LA, OU CHWAZI POU W REFIZE OPSYON SA A.***

Siyati Achtè a

Siyati Moun k ap Achte Ansanm ak Achtè a

AVI POU ANILE KONTRA LAVANT LAN

Lè w siyen anba a, w ap egzèse dwa w pou anile acha machin dezyèm men ke yo dekri nan fòmilè sa a. Avi livrezon pèsònèl sa a ki ale jwenn dilè a sifi pou egzèse opsyon anilasyon kontra lavant lan. Achtè a ak tout moun k ap achte ansanm ak achtè yo dwe siyen anba pou anile kontra a.

Dat Limit Anilasyon: Dat _____ Lè _____

Siyati achtè a

Dat / Lè

Siyati moun k ap achte ansanm ak achtè a

Dat / Lè

AVI POU W REFIZE ANILASYON KONTRA LAVANT LAN

Lè w siyen anba a, w ap egzèse dwa w pou anile acha machin dezyèm men ke yo dekri nan fòmilè sa a.

Siyati Achtè a

Dat / Lè

Siyati Moun k ap Achte Ansanm ak Achtè a

Dat / Lè

TÈM AK KONDISYON SIPLEMANTÈ

MACHIN POU ECHANJ YO: Si w te dakò pou fè echanj yon machin e ou te AKSEPTE opsyon pou anilasyon kontra a, ou dwe peye yon depo ranbousab \$100. Ou gen dwa swa ITILIZE machin pou echanj lan pandan peryòd anilasyon an pou yon frè \$50 adisyonèl ki pa ranbousab oswa ou KITE machin pou echanj lan ak dilè a jiskaske ou anile kontra lavant lan oswa jiskaske opsyon an ekspire. Chwazi yon opsyon anba a.

Kite machin nan: Lè m siyen anba a,

Mwen, _____, chwazi pou m kite machin pou
(non)
echanj lan nan men dilè a jiskaske mwen chwazi pou m anile kontra lavant lan oswa lè opsyon an ekspire.

DESKRIPSYON MACHIN POU ECHANJ LAN

ANE: _____ MAK: _____ MODÈL: _____ NIMEWO IDANTIFIKASYON MACHIN (VIN) NAN: _____

Mwen dakò ak tèm ak kondisyon sa yo:

- Si mwen anile kontra lavant la, dilè a gen dwa kenbe \$100 depo a e li dwe retounen machin pou echanj lan ban mwen nan jou mwen egzèsè opsyon anilasyon an.
- Si mwen pa anile kontra lavant lan, dilè a dwe imedyatman ranbouse \$100 depo a lè mwen vin pran machin mwen te achte selon kontra lavant lan.
- Dilè a paka vann machin pou echanj lan jiskaske swa mwen refize egzèsè opsyon anilasyon an oswa lè pou m te fè sa a ekspire. Si dilè a enkonsyamman vann oswa otreman transfere tit machin pou echanj mwen an, dilè a dwe peye m valè machin pou echanj lan sou mache an detay la oswa l ap peye valè l jan sa mansyone nan kontra lavant lan, nenpòt nan de a ki pi wo a.

Siyati Achte a

Dat / Lè

Siyati Moun k ap Achte Ansanm ak Achte a

Dat / Lè

Siyati Reprizantan Dilè a

Dat / Lè

Itilize Machin lan: Lè m siyen anba a,

Mwen, _____, chwazi pou m kite machin pou
(non)
echanj lan pandan peryòd anilasyon an pou yon frè \$50 ki pa ranbousab. Mwen dakò ak tèm ak kondisyon sa yo:

- Pandan peryòd anilasyon an, mwen pa dwe kondui plis pase 250 kilomèt nan machin pou echanj lan.
- Mwen dwe retounen machin nan menm kondisyon mwen te prezante li an, eksepte pou izi ki rezonab.
- Si mwen konfòme m ak tèm ak kondisyon yo epi mwen pa anile kontra lavant la, dilè a dwe imedyatman ranbouse depo \$100 a lè mwen pran machin mwen te achte nan kontra lavant lan.
- Si mwen pa konfòme m ak tèm ak kondisyon yo, dilè a gen dwa swa anile kontra lavant lan oswa kenbe \$100 depo a.
- Dilè a pa dwe ban m machin mwen te achte a jiskaske mwen livre machin pou echanj lan nan menm kondisyon mwen te prezante li an, eksepte pou izi ki rezonab.

Siyati Achte a

Dat / Lè

Siyati Moun k ap Achte Ansanm ak Achte a

Dat / Lè

Siyati Reprizantan Dilè a

Dat / Lè

KONFIMASYON DILÈ A POU CHWA ACHTÈ A

Nou konfime ke w chwazi pou ANILE / PA ANILE kontra lavant ou an pou machin dezyèm men an.

Ou te konfòme w ak tèm ak kondisyon opsyon pou anilasyon kontra a, ansanm ak livrezon an pèsòn “Avi pou Anilasyon Kontra Lavant” (“Notice to Cancel the Sales Contract”) lan anvan dat limit anilasyon an.

Ou pat reyisi konfòme w ak tèm ak kondisyon opsyon pou anilasyon kontra a nan fason sa a (yo), kifè ou abandone dwa w pou anile kontra lavant lan:

Siyati Reprizandan Dilè a

Dat / Lè

Nimewo Lisans DCA